

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Dina ieu bab dipedar hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan implikatur anu aya dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung.

4.1 Hasil Panalungtikan

Hasil panalungtikan nyoko kana data, analisis data, jeung déskripsi data ngeunaan implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung. Data implikatur ngagambarkeun rupa-rupa implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung. Ari analisis jeung déskripsi implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNewsTV Bandung ngagambarkeun papasingan jeung déskripsi implikatur tina jihat wanda, sipat, jeung wujudna. Geus kitu, disusun bahan ajar biantara di SMA anu dipatalikeun kana hasil panalungtikan implikatur.

Data omongan *comic* anu ngandung implikatur kapanggih jumlahna aya 132. Ieu di handap ditataan sawatara conto omongan nu ngandung implikatur anu dikumpulkeun per *comic*.

- (001) “Kumaha sadaya araman di bumi?”
“*Alhamdulillah*”
“Tapi pan, banjir pan?” nu mawi dirorompok gé ayeuna téh keur mah katambah cai kakeueum, da banjir ngaageungan. (AG/173/01)
- (002) Ayeuna banjir ngaageungan, kamari téh nambahan deui Mang Yaya, nambahan cai téh da nembé ngawinkeun. (AG/173/02)
- (003) Sabab teu jelas ari di urang mah, lamun beunang nu ieu, can tamat nu ieu, hukuman can jelas, geus datang deui nu anyar. (AG/173/03)
- (004) Aya istilah di Jepang mah, lamun salah, harakiri nyaéta bunuh diri. (AG/173/04)
- (005) Kunaon ningali harita geuning:
“Lamun kuring salah sapérak wé ceunah pék kuring gantung di Monas!” pan kitu ceuk Anas téh, “Kunaon pangna di Monas?” sabab Monas aya emasan, sabab “Kunaon teu di Pancoran, di luhur?” euweuh emasan. (AG/173/05)
- (006) Tatangga sim kuring, konsékuen Mang Yaya sebagai rakyat kecil. (AG/173/06)
- (007) Serahkeun, serahkeun! Bangor deui lalakina téh, serahkeun deui. (AG/173/07)
- (008) Dina kontéks rék bunuh diri:

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- ”Kunaon silaing téh geuning teu gebrus waé?”
 “Atuh sia deuleu, sakitu cai umpal-umpalana” (AG/173/08)
- (009) Upami mun nilik-nilik kagiatan sapertos urang ieu dina Borangan. Da ngan hiji-hijina atuh, anu néangan duit bari heureuy ngan dina Borangan margi ai dina seurius mah biasana disebatna téh korupsi. (AG/181/01)
- (010) Korupsi mah teu tiasa heureuy, waduh nyumput-nyumput bari jeung kapanggih engké. (AG/181/02)
- (011) Da saleresna mah nu kuduna Borangan téh awéwé. (AG/181/03)
- (012) Awéwé lamun miluan Borangan pasti bakal palalinter, sabab unggal énjing sim kuring mun aya ibu-ibu, naskah téh unggal dinten ieu dibandingan éta ngomongkeun batur, da ganti-ganti atuh. Pan urang mah hésé nya. (AG/181/04)
- (013) Di desa, lembur, sim kuring téh pangkolotna, da seueur barudak ngora, dipisepuh, janten ayeuna pinisepuh, nu pidato sadaya sim kuring. (AG/181/05)
- (014) Saur wa Haji tadi nu korupsi téh geuning kena ku bui, tadina mah boro rék nurutan. Paingan ceuk aki diditu kabéh leuleungiteun, kabéh nu kapalingan, éta téh ku bangsat. (AdB/182/01)
- (015) Baréto cicing di aki di nini, ditata, dididik, lamun mére dahareun téh huluna wé ka urang mah pokna téh “Ih, mening huluna améh jagana di sakola bakal jadi kapala sakola”. Pék deui dina méré endog bobodasna, kokonéngna mah ka akina pokna “Améh jadi urang suci” (AdB/182/02)
- (016) “Assalamualaikum”
 “Waalaikumsalam, Wr.Wb”
 “Nyungkeun ridho galihna waé, dijawab anu jujur, abi kasép nteu?”
 “Nteu”
 “Paduli teuing ah, tong boro ceuk batur, ceuk urang gé nu ngeunteung sieun” (AdB/260/01)
- (017) “Assalamualaikum”
 “Wassalamualaikum, mangga cep, calik!”
 “Bu, kopi!”
 “Oh, kopi susu? jus?”
 “Kopi wé pait manisan saeutik” (AdB/260/02)
- (018) Gusti, lamun manéhanana kapimilik, abi mah yakin abi rék béla, moal lamun tepi ka manéhna haréng ogé ék disuntik. (AdB/260/03)
- (019) Sim kuring nepangkeun sateuacana. Abi *comic* Borangan anu masih kénéh magang, da jarang abi mah didieu. (AeB/264/01)
- (020) *Wanita sangat dihormati ku saya, sebelum kehormatannya diambil oleh orang lain.* (AeB/264/02)
- (021) “Bingung ayeuna mah jaman seueur bom kieu mah. Bingung kamamana abi mah Mang Adang. Kumis, janggot kieu dicurigai waé. Dicurigai bener”. (AeB/264/03)

Data salengkepna bisa ditingali dina lampiran 3.

4.1.1 Wanda Implikatur dina Wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung

Implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung nyokona kana rupa-rupa implikatur disawang tina jihat wanda. Aya dua wanda implikatur, nyaéta implikatur konvensional jeung implikatur konvèrsasional.

4.1.1.1 Implikatur Konvensional

Implikatur konvensional mangrupa ma'na alamiah. Implikatur anu dihasilkeun tina nalar logika, omongan anu ngandung implikatur nu écés. Implikatur konvensional raket patalina jeung ma'na sacara umum. Tina hasil analisis data kapanggih aya 84 data implikatur konvensional (tingali lampiran 4). Sangkan leuwih jéntré, titénan conto data ieu di handap.

- (001) “Kumaha sadaya araman di bumi?”
“*Alhamdulillah*”
“Tapi pan, banjir pan?” nu mawi dirorompok gé ayeuna téh keur mah katambah cai kakeueum, da banjir ngaageungan. (AG/173/01)
- (004) Aya istilah di Jepang mah, lamun salah, harakiri nyaéta bunuh diri. (AG/173/04)
- (022) Aya di Bandung téh 2 jalmi putrana dokter Azhari anu bakal ngaledakeun bom téh. Ari Ayu Azhari jeung Sarah Azhari bomna dicandak kamamana. (AeB/264/04)
- (062) Komo abi dinten ieu nganggo acuk konéng, sanés partéy. Abi téh ayeuna nuju miyuni Songebob. (CP/173/02)
- (090) Naék lift, seungit,
“Maké parfum mana, Néng?”
“Ieu mah jauh, mahal, dari luar negri”, “Duh bau”
“Ieu mah parfum ema, murah ema mah 7000 sakilo, hui Cilembu”
(MN/97/06)

Implikatur dina data (001) nyaéta harita téh keur usum hujan anu ngabalukarkeun loba caah dibuktian ku omongan “nu mawi dirorompok gé ayeuna téh keur mah katambah cai kakeueum, da banjir ngaageungan”. Hal anu geus umum, nalika usum hujan, sawatara daérah di Bandung pasti aya caah.

Implikatur dina data (004) nyaéta urang Jepang geus katelah miboga sipat konsékuén atawa disiplin. Ku kituna, nalika manéhna salah, bakal tanggung jawab ku cara bunuh diri anu ngahasilkeun ayana istilah *harakiri*.

Implikatur dina data (022) nyaéta bom nu dicacandak ku Ayu jeung Sarah Azhari lain bom asli, tapi hariguna. Ayu jeung Sarah Azhari geus katelah minangka sélébriti anu miboga harigu gedé, ku kituna *comic* ngumpamakeun bom téh harigu Ayu jeung Sarah Azhari.

Implikatur dina data (062) nyaéta nalika maké baju warna konéng bakal pakait jeung ciri ngabéla partéy pulitik Indonésia saperti partey Golkar.

Implikatur dina data (090) nyaéta parfum murah 7000 sakilo, hui Cilembu maksudna nyaéta hitut. Pamiarsa geus wanoh, lamun loba dahar hui ngabalukarkeun hitut.

4.1.1.2 Implikatur Konvérsasional

Implikatur konvérsasional mangrupa ma'na nonalamiah. Implikatur konvérsasional dihasilkeun lantaran pamedih kontéks nu tangtu. Tina hasil analisis data kapanggih aya 48 data implikatur konvérsasional (tingali lampiran 4). Sangkan leuwih jéntré, titénan conto data ieu di handap.

- (005) Kunaon ningali harita geuning:
 “Lamun kuring salah sapérak wé ceunah pék kuring gantung di Monas!” pan kitu ceuk Anas téh, “Kunaon pangna di Monas?” sabab Monas aya emasan, sabab “Kunaon teu di Pancoran, di luhur?” euweuh emasan. (AG/173/05)
- (017) “Assalamualaikum”
 “Wassalamualaikum, mangga cep, calik!”
 “Bu, kopi!”
 “Oh, kopi susu? jus?”
 “Kopi wé pait manisan saeutik” (AdB/260/02)
- (019) Sim kuring nepangkeun sateuacana. Abi *comic* Borangan anu masih kénéh magang, da jarang abi mah didieu. (AeB/264/01)
- (047) Di hiji café.
 “Kamu paké baju apa?”
 “Pake baju warna kuning”
 “Sip”
 Pas panggih ti tukangeun téh.
 Bener ieu lalaki, kasép, moal ngabobodo ieu mah” Ai pas paamprok. Abi téh bungah belenyah-belenyéh:
 “Hai” naha éta mah lalaki, jol:
 “Puntenya sakedap badé ka pengker heula” (CP/173/04)
- (081) “Naha akang-akang ieu sila?” Nah ieu ngandung hartos tempat calik teu cekap. (MJ/273/02)

Implikatur dina data (005) dimeunangkeun ngaliwatan matalikeun kontéks jeung eusi omonganna. Abah Ganjar (AG) nyarita dina kontéks yén Anas ngucapkeun sumpah lamun korupsi bakal digantung di Monas, tapi, omongan Abah Ganjar (AG) nyebutkeun yén nu dipilih tina rinéka monumén téh ngan Monas, kusabab aya emas. Ku kituna, implikatur nu kapanggih dina data (005) yén (1) emas idéntik jeung hal nu méwah anu pangpada jalma hayang; (2) Anas beuki kana barang méwah; jeung (3) pajabat loba nu kairut ku kaméwahan.

Implikatur nu kapanggih dina data (017) Adang Béndo (AdB) ménta pangninyuhkeun cai ka pamiarsa anu teu diébréhkeun sacara togmol, saukur ku omongan “Bu, kopi!” lain “Bu, pangninyuhkeun kopi!”. Pamiarsa matalikeun pangaweruhna kana kontéks. Ku kituna pamiarsa ngarti yén omongan “Bu, kopi!” miboga harti paréntah.

Implikatur dina data (019) nyaéta kecap “magang” miboga sababara harti (1) jalma nu dikontrak jeung acan jadi pagawé tetep; (2) jalma nu kakara ngamimitian atawa diajar kénéh. Implikatur nu kapanggih yén bisa waé *magang* didinya ngandung ma’na yén Aep Bancét (AeB) jarang jadi *comic* di Borangan. Ku kituna, lamun ditilik leuwih jero deui aya paménta sangkan manéhna bisa leuwih sering midang di Borangan.

Implikatur dina data (047) luyu jeung kontéks mimiti paamprok, panyatur muka omongan ku cara nyebutkeun kecap “Hai” anu ilaharna mah diwaler ku “Hai ogé” atawa “Hallo” tapi, dina kanyataanna, pamiarsa miboga rasa teu tumarima atawa teu bungah, dibuktian ku omongan “Puntenna sakedap badé ka pengker heula”. Tina omongan pamiarsa kapanggih maksud anu nyamuni yén ayana rasa teu tumarima kana kaayaan asli ti panyatur, pamiarsa bisa waé miboga harepan yén anu rék diamprokan téh geulis, jsb, tapi kanyataan teu luyu jeung harepanna.

Implikatur dina data (081) nyaéta nalika Mr. Jun (MJ) niténan pamiarsa Borangan aya anu diuk sila di handap, sedengkeun nu séjénna diuk di korsi. Aya implikatur ti Mr. Jun (MJ) sangkan: (1) panitia bisa nyiapkeun korsi leuwih loba; atawa (2) rohanna pindah ka anu leuwih lega.

4.1.2 Sipat Implikatur dina Wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung

Nurutkeun Grice (dina Cummings, 2007, kc. 210) sipat implikatur ngawengku daya batal (*cancelability*), daya pisah (*detachability*) daya itung (*calculability*), jeung konvènsionalitas. Dumasar hasil panalungtikan, implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung anu kapanggih miboga sipat séwang-séwangan.

4.1.2.1 Sipat Implikatur Daya Batal

Implikatur bisa dibatalkeun dina kaayaan partikular, boh sacara éksplisit atawa kontéktual. Implikatur bisa dibatalkeun ku cara nambahkeun inpormasi nu teu ngabaluarkeun anomali. Tina hasil analisis data kapanggih aya 38 implikatur konvènsional sipat daya batal (tingali lampiran 5) jeung 5 data implikatur konvèrsasional sipat daya batal (tingali lampiran 5).

a. Daya Batal dina Implikatur Konvènsional

- (012) Awéwé lamun miluan Borangan pasti bakal palalinter, sabab unggal énjing sim kuring mun aya ibu-ibu, naskah téh unggal dinten ieu dibandingan éta ngomongkeun batur, da ganti-ganti atuh. Pan urang mah hésé nya. (AG/181/04)
- (029) LGBT usum ayeuna téh, LGBT teu acan uninganya singgetanana. LGBT (Lalaki Ganteng Bujur Tenggéng) tah. Matak ayeuna mah kudu caruriga kanu bujur tenggéng lalaki téh. (AeB/268/01)
- (043) Matak ulah salah ari ngadu'a:
 “Anu di luhur tangtayungan abdi!”
 “Jang, saha ai nu di luhur téh?”
 “Muhun Alloh”
 “Apan itu anu karorupsi ogé di luhur?” (AT/182/05)
- (045) Komo abi dinten ieu nganggo acuk konéng, sanés partéy. Abi téh ayeuna nuju miyuni Songebob. (CP/173/02)
- (062) Sakali *stand up comedy* sim kuring 2 juta, tilu bulaneun, da teu aya job, sepi.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (012) yén awéwé mah miboga sipat sok ngomongkeun batur, dibatalkeun ku omongan “pan urang mah hésé nya” anu miboga maksud lalaki mah tara ngomongkeun batur.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (029) yén LGBT (*Lesbi, Gay, Bisex, Transgender*) dibatalkeun ku omongan “LGBT (Lalaki Ganteng Bujur Tenggéng)”.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (043) yén anu dimaksud di luhur téh nyaéta Allah, dibatalkeun ku omongan “Apan itu anu karorupsi ogé di luhur?” miboga ma’na nyamuni pikeun nyindir lantaran anu karorupsi téh umumna pajabat atawa jalma anu miboga kakawasaan.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan Ceu Popon (CP) dina data (045) yén manéhna keur maké baju konéng téh lain keur ngabéla partéy pulitik, dibatalkeun ku ayana kecap *sanés*. Sanés hartina lain, jadi implikasi yén manéhna keur ngabéla partéy pulitik lantaran maké baju konéng dibatalkeun ku omongan “sanés partéy. Abi téh ayeuna nuju miyuni Songebob”. Songebob téh kartun anu miboga ciri has warna konéng.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (062) yén bayaran *stand up comedy* manéhna meunang gedé nyaéta 2 juta, dibatalkeun ku omongan “tilu bulaneun, da teu aya job, sepi”.

b. Daya Batal dina Implikatur Konvérsasional

- (019) Sim kuring nepangkeun sateuacana. Abi *comic* Borangan anu masih kénéh magang, da jarang abi mah didieu. (AeB/264/01)
- (023) Nembé abi kadieu sumping telat. Da ditilang ku polisi, disangkana téroris meureunnya? Padahal mah lain. Maenya nu kieu téroris? Maké iket. (AeB/264/05)
- (035) Cépot téh nyanyi,
“Aduh, nu di payun geulis téh mani kayungyun, yeup ku akang dituyun, ké dibéré nu guyan-gayun” ulah lepat hartos, sanés badé jorang tapi gagantél dina kongkorong (AT/107/03)
- (044) Ternyata Ceu Popon téh cenah awéwé tilu rantang, bakating melendung kadieu, belendung kaditu, belendung kaditu, umpal-umpalan kitu. Tilu rantai. Kasinggung abi. Naha bet disebut tilu rantang susun? da abi mah saleresna lain rantang. Dispénser jeung galon abi mah. (CP/173/01)
- (094) Ahirna sim kuring pasrah ka pulisi, dari pada simkuring kedah masihan kanggé tilangan. Margi naon? Teu gaduh kanggo mayarna, margi honorna ogé teu acan kataampi. (OB/269/03)

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (019) dibatalkeun ku omongan panyatur nu nyebutkeun manéhna jarang tampil atawa jadi *comic* di Borangan.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (023) yén panyatur datang kabaurangan lantaran ditilang ku polisi pédah disangka téroris. Aya implikatur polisi nyangka manéhna téroris lantaran janggotan/kumisan/paripolahna, tapi implikatur éta dibatalkeun ku omongan “maké iket” hartina manéhna lain téroris, tapi manéhna ngan rahayat biasa.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (035) yén anu dimaksud ‘guyan-gayun’ bisa jadi rarangan lalaki, tapi éta implikatur dibatalkeun ku omongan ‘gagantél dina kongkorong’ nu guyan-gayun téh.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (044), Ceu Popon téh awéwé tilu rantang anu miboga harti manéhna téh gendut diibaratkeun rantang. Implikaturna dibatalkeun ku omongan “da abi mah dispénsér jeung galonna”.

Implikatur nu dihasilkeun tina omongan panyatur dina data (094) yén panyatur teu boga duit pikeun mayar pulisi, implikatur dibatalkeun ku omongan “honorna ogé can katampi”, lain gara-gara teu boga duit teuing, tapi panyatur ménta sangkan honorna dibayar.

4.1.2.2 Sipat Implikatur Daya Pisah

Daya pisah ngébréhkeun kapasitas implikatur pikeun leupas tina omongan. Implikatur konvérsasional teu bisa dipisahkeun tina omongan (*non-detachable*) anapon ngarobah wangun linguistik omongana. Béda jeung daya pisah dina implikatur konvérsasional anu disebut *non-detachable*. Implikatur konvérsional bisa dipisahkeun (*detachable*). Tina hasil analisis data kapanggih 5 data implikatur konvérsasional sipat daya pisah (tingali lampiran 5).

- (006) Tatangga sim kuring konsékuen Mang Yaya, sebagai rakyat kecil. (AG/173/06)
- (033) Borangan kirain gue sekali *shooting* bésoknya moal kapaké wé, ai pék téh *Alhamdulillah* sampé sekarang udah 8400 épisodeu. (AT/107/01)

- (037) Ayeuna komo geus sohor, Asep Sunandar panggilan, Ah béda saeutik jeung sayah. Asep Sunandar panggilan 80 juta, urang 11 juta, ah béda saeutik. (AT/107/05)
- (046) Komo ayeuna keur usum kamera-kamera anu aslina kieu, ai dipoto téh kuat ka limit raray téh nya. Kuat ka geulis. (CP/173/03)
- (099) Abdi téh ti Garut, Garut Selatan. Di Garut Selatan téh tungtung dunya. Perbatasan Indonesia jeung Australia. Sisi laut pisan. Aduh, saking tungtungna langit gé bisa katoél tah. (ReD/266/02)

Data (006) ngébréhkeun yén tatangga Abah Ganjar (AG) miboga sipat konsékuen salaku rakyat leutik. Implikatur tina omogan (006) nyaéta rakyat gedé (dina hartian pejabat, atawa jalma nu beunghar) rata-rata teu konsekuén. Implikatur data (006) teu bisa dipisahkeun anapon misalna variasi wangun linguistik tina ujaran béda, upamana waé ganti kecap ‘rakyat leutik’ ku ‘jalma teu boga’ atawa ‘rakyat biasa’, éta teu ngarobah harti nu dimaksud.

Data (033) mangrupa ébréhan hiperbola, lantaran dina kanyataanna mah lain 8400 épisode tapi masih 107 épisode. Nalika dirobah omongana jadi ‘udah 2400 épisode’, ‘udah 1000 épisode’, jsb éta moal ngarobah harti nu dimaksudna, nyaéta Borangan masih tetep midang nepi ayeuna.

Data (037) mangrupa ébréhan hiperbola, lantaran dina kanyataanna mah miboga béda nu gedé, nalika dirobah omongan ‘béda saeutik’ jadi ‘béda pisan’ atawa ‘teu béda jauh’, éta moal ngarobah harti nu dimaksud.

Data (046) mangrupa ébréhan ironi, yén kanyataanna mah réa nu dipoto geulis tapi aslina mah goréng, nalika dirobah omongan ‘kuat ka geulis’ jadi ‘kuat ka bersih’ atawa ‘kuat ka pangling’ éta moal ngarobah harti yén anu dipotona geulis padahal aslina mah goréng.

Data (099) mangrupa ébréhan hiperbola, lantaran dina kanyataana mah moal mungkin bisa noél langit, nalika dirobah omongan ‘langit gé bisa katoél’ jadi ‘panon poé gé deukeut pisan’ atawa ‘bulan gé kacabak’ éta moal ngarobah harti yén Pameungpeuk Garut téh jauh pisan.

4.1.2.3 Sipat Implikatur Kalkulabilitas

Dumasar sipat kalkulabilitas, aya implikatur dimenangkeun ngaliwatan prosés nalar atawa ngitung (lain dina harti matématika). Tina hasil analisis data

kapanggih aya 38 data implikatur sipat kalkulabilitas (tingali lampiran 5). Sangkan leuwih jéntré, titénan conto data ieu di handap.

- (002) Ayeuna banjir ngaageungan, kamari téh nambahan deui Mang Yaya, nambahan cai téh, da nembé ngawinkeun. (AG/173/02)
- (003) Sabab teu jelas ari di urang mah, lamun beunang nu ieu, can tamat nu ieu, hukuman can jelas, geus datang deui nu anyar. (AG/173/03)
- (005) Kunaon ningali harita geuning:
 “Lamun kuring salah sapérak wé ceunah pék kuring gantung di Monas!” pan kitu ceuk Anas téh, “Kunaon pangna di Monas?” sabab Monas aya emasan, sabab “Kunaon teu di Pancoran, di luhur?” euweuh emasan. (AG/173/05)
- (008) Dina kontéks rék bunuh diri:
 ”Kunaon silaing téh geuning teu gebrus waé?”
 “Atuh sia deuleu, sakitu cai umpal-umpalana” (AG/173/08)
- (014) Saur wa Haji tadi nu korupsi téh geuning kena ku bui, tadina mah boro rék nurutan. Paingan ceuk aki diditu kabéh leuleungiteun, kabéh nu kapalingan, éta téh ku bangsat. (AdB/182/01)

Implikatur (002) dimeunangkeun tina prosés nalar jeung ngitung antara eusi jeung kontéks omongan. Abah Ganjar (AG) ngomong yén “ayeuna banjir ngaageungan, kamari téh nambahan deui Mang Yaya, nambahan cai téh da nembé ngawinkeun”, ma’na nyamuni tina omongan AG nyaéta cai anu nambahan téh nyaéta cai mani, lantaran luyu jeung kontéks omongan nu nyebutkeun “nembé ngawinkeun”.

Implikatur (003) dimeunangkeun tina prosés nalar jeung ngitung antara eusi jeung kontéks omongan nyaéta: (1) hukum di Indonésia teu puguh; 2) hukum di Indonésia teu adil; jeung (3) aya kasus nu can réngsé diungkulan tapi diantep.

Implikatur (005) dimeunangkeun tina prosés nalar jeung ngitung antara eusi jeung kontéks omongan. Abah Ganjar (AG) nyarita dina kontéks yén Anas ngucapkeun sumpah lamun korupsi bakal digantung di Monas. Tapi, omongan Abah Ganjar (AG) nyebutkeun anu dipilih tina rinéka monumén téh ngan Monas, kusabab aya emas. Ku kituna, implikatur nu kapanggih dina data (005) nyaéta (1) emas idéntik jeung hal nu méwah anu pangpada jalma hayang; (2) Anas beuki kana barang méwah; jeung (3) pajabat loba nu kairut ku kaméwahan.

Implikatur (008) dimeunangkeun tina prosés nalar jeung ngitung antara eusi jeung kontéks paguneman nyaéta awéwé téh teu niat rék bunuh diri, bisa ngan saukur géngsi atawa émosi. Dina omongan lalaki ”Kunaon silaing téh geuning teu

gebrus waé?” miboga ma’na leuwih tina naon nu diomongkeunna, bisa waé lalaki masih paduli ka istrina. Ku kituna nanyakeun naon nu ngabalukarkeun teu gebrus kana cai. Ari dina omongan awéwé “Atuh sia deuleu, sakitu cai umpal-umpalana” miboga implikatur yén manéh na teu jadi bunuh diri atawa omongan manéhna nu rék bunuh diri saukur émosi hungkul lantaran saenyana mah mun rék gebrus kana cai nalika rék bunuh diri, tangtu caina kudu umpal-umpalan sangkan gancang palidna.

Implikatur (014) dimeunangkeun tina prosés ngitung jeung nalar dumasar eusi jeung kontéks omongan. Adang Béndo (AdB) ngomong yén “kabéh leuleungiteun, kabéh nu kapalingan, éta téh ku bangsat”, luyu jeung omongan saacana anu medar perkara korupsi, maksud nu nyamuni dina omongan Adang Béndo (AdB) anu korupsi téh sarua waé jeung bangsat.

4.1.2.4 Sipat Implikatur Konvénsionalitas

Sipat konvénsionalitas mangrupa sipat nu dipiboga implikatur konvénsional anu miboga harti sacara umum, teu miboga sipat daya batal atawa adaya pisah. Tina hasil analisis data kapanggih aya 46 data implikatur sipat konvénsionalitas (tingali lampiran 5). Sangkan leuwih jéntré, titénan conto data ieu di handap.

- (001) “Kumaha sadaya araman di bumi?”
“*Alhamdulillah*”
“Tapi pan, banjir pan?” nu manawi dirorompok gé ayeuna téh keur mah katambah cai kakeueum, da banjir ngaageungan. (AG/173/01)
- (004) Aya istilah di Jepang mah, lamun salah, harakiri nyaéta bunuh diri. (AG/173/04)
- (007) Serahkeun, serahkeun! Bangor deui lalakina téh, serahkeun deui. (AG/173/07)
- (009) Upami mun nilik-nilik kagiatan sapertos urang ieu dina Borangan. Da ngan hiji-hijina atuh, anu néangan duit bari heureuy ngan dina Borangan margi ai dina seurius mah biasana disebatna téh korupsi. (AG/181/01)
- (010) Korupsi mah teu tiasa heureuy, waduh nyumput-nyumput bari jeung kapanggih engké. (AG/181/02)

Implikatur (001) miboga sipat konvénsionalitas lantaran miboga ma’na nu umum. Implikatur nu kapanggih dina data (001) yén harita keur usum hujan, anu ngabalukarkeun loba caah.

Implikatur (004) miboga sipat konvènsionalitas lantaran miboga ma'na nu umum. Implikatur nu kapanggih nyaéta urang Jepang sipat konsékuén. Ku kituna, nalika manéhna salah, bakal tanggung jawab ku cara bunuh diri.

Implikatur (007) miboga sipat konvènsionalitas lantaran miboga ma'na nu umum. Implikatur nu kapanggih nyaéta dina kecap “serahkeun!” miboga ma'na umum ménta dipulangkeun ka indung bapa.

Implikatur (009) miboga sipat konvènsionalitas lantaran miboga ma'na nu umum. Implikatur nu kapanggih nyaéta bédana Borangan jeung korupsi palebah heureuy jeung seriusna. Ari di Borangan mah néang duit ku cara heureuy, ari korupsi néang duit ku cara serius lantaran nu korupsi mah biasana pajabat nu gawé resmi di pamaréntahan. Implikaturna geus écés pisan sarta lamun ditilik leuwih jero aya ma'na nyindir nu korupsi.

Implikatur (010) miboga sipat konvènsionalitas lantaran miboga ma'na nu umum. Implikatur geus écés dina omongan yén anapon nyumput, nu korupsi bakal ditéwak ku KPK. Implikaturna geus écés pisan sarta lamun ditilik leuwih jero aya ma'na nyindir nu korupsi.

4.1.3 Wujud Implikatur dina Wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung

Wujud implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV nyaéta: (a) wujud pragmatis wawaran anu kabagi kana wujud wawaran harti iber, wujud wawaran harti nitah, wujud wawaran harti ngajak, wujud wawaran harti ménta, wujud wawaran harti ngabagéakeun, wujud wawaran harti nyaréék, jeung wujud wawaran harti ngantebkeun; (b) wujud pragmatis pananya anu kabagi kana wujud pananya harti kaayaan, wujud pananya harti ngantebkeun, wujud pananya harti kalakuan, wujud pananya harti sabab, wujud pananya harti cara, jeung wujud pananya harti babandingan; (c) wujud pragmatis paréntah anu kabagi kana wujud paréntah harti pangjurung, wujud paréntah harti panitah, wujud paréntah harti pamaksa, wujud paréntah harti pangharepan, wujud paréntah harti panyaréék, jeung wujud paréntah harti anjuran; sarta (d) wujud pragmatis panyeluk anu kabagi kana wujud panyeluk harti tumamprak, wujud panyeluk harti kakagét, jeung wujud panyeluk harti katengtreng.

4.1.3.1 Wujud Pragmatis Wawaran

Wujud pragmatis wawaran (*deklaratif*) nyoko kana wujudiah atawa réalisasi maksud ngawawarkeun dina basa Sunda anu dipatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Tina hasil analisis data kapanggih aya 99 data wujud pragmatis wawaran anu kabagi jadi 7 harti, nyaéta wawaran iber, wawaran nitah, wawaran ngajak, wawaran ménta, wawaran ngabagéakeun, wawaran nyaréék, jeung wawaran ngantebkeun,.

a. Wujud Pragmatis Wawaran Iber

Wawaran anu harti pragmatisna iber mangrupa omongan anu eusina méré iber atawa ngiberan pamiarsa. Tina hasil analisis data kapanggih aya 31 wujud implikatur wawaran iber (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-5 ieu di handap.

- (003) Sabab teu jelas ari di urang mah, lamun beunang nu ieu, can tamat nu ieu, hukuman can jelas, geus datang deui nu anyar. (AG/173/03)
- (004) Aya istilah di Jepang mah, lamun salah, *harakiri* nyaéta bunuh diri. (AG/173/04)
- (006) Tatangga sim kuring, konsékuen Mang Yaya sebagai rakyat kecil. (AG/173/06)
- (010) Korupsi mah teu tiasa heureuy, nyumput-nyumput bari jeung kapanggih ngké. (AG/181/02)
- (020) *Wanita sangat dihormati ku saya, sebelum kehormatannya diambil oleh orang lain.* (AeB/264/02)

Data (003) panyatur ngabéwarakeun yén kaayaan hukum di Indonésia teu jelas; data (004) panyatur ngabéwarakeun yén nagara Jepang miboga istilah *harakiri*; data (006) panyatur ngabéwarakeun yén manéhna miboga tatangga anu konsékeun; data (010) panyatur ngabéwarakeun yén korupsi teu bisa heureuy, lantaran bakal katéwak; jeung data (020) yén panyatur ngabéwarakeun yén manéhna hormat ka awéwé.

b. Wujud Pragmatis Wawaran Nitah

Wawaran anu harti pragmatisna nitah mangrupa omongan anu wujudna kalimah wawaran tapi eusina nitah. Tina hasil analisis data kapanggih aya 5

wujud implikatur wawaran nitah (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-5 ieu di handap.

- (029) LGBT usum ayeuna téh, LGBT teu acan uninganya singgetanana. LGBT (Lalaki Ganteng Bujur Tenggéng) tah. Matak ayeuna mah kudu caruriga kanu bujur tenggéng lalaki téh. (AeB/268/01)
- (032) Ku kituna, panginten da ieu mah ngiring bingah wé ieu mah di Borangan, mugia di Borangan anu ka 268, sakedahna mah 268 mah Mang Junjun kedah tos lalunas ka Pa Haji Taufik téh, naha geuning 268 tacan lalunas? (AeB/268/04)
- (067) Kanggo nyebut istilah hubungan suami istri aya basa halusna, sapatemonan upami teu lepat. Sapatemonan éta téh ngandung harti sapertemuan antawis istri sareng pameget, pami basa Inggrisna mah *meeting*. Jadi kanggo ibu-ibu punten yeuh mun salaki geus nyebut:
“Abi uihna telat badé *meeting*” kadé tah. (Gu/262/09)
- (081) “Naha akang-akang ieu sila?” Nah ieu ngandung hartos tempat calik teu cekap. (MJ/273/02)
- (087) “Mih, mih! Mau pipis” ceunah.
“Kalo diperumahan jangan bilang pipis, malu. Kan mamih nih anak gaul, ibu gaul, bilangna mau nyanyi” (MN/97/03)

Data (029) panyatur ngabéwarakeun LGBT (Lalaki Ganteng Bujur Tenggéng) téh keur usum, ku kituna manéhna nitah sangkan kudu curiga ka lalaki nu kaindikasikeun LGBT; data (032) panyatur ngabéwarakeun yén Borangan geus episode ka 268, manéhna nitah Mang Junjun mayar hutangna; data (067) panyatur ngabéwarakeun yén basa Sunda miboga istilah dina hubungan suami istri (sapatemonan) atawa dina basa Inggrisna *meeting*, jadi manéhna nitah sangkan ibu-ibu waspada nalika salaki ngomong *meeting*; data (081) panyatur méré iber yén aya panongton nu diuk di handap. Ku kituna, manéhna nitah sangkan panitia nyadiakeun korsi; data (087) yén panyatur mangrupa ibu gaul, ku kituna, manéhna nitah ka anakna sangkan ngaganti omongan ‘pipis’ jadi ‘nyanyi’.

c. Wujud Pragmatis Wawaran Ngajak

Wawaran anu harti pragmatisna ngajak mangrupa omongan anu wujudna kalimah wawaran tapi eusina ngajak. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 wujud implikatur wawaran ngajak (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-2.

- (042) Jasad urang bakal dikubur, jasad urang bakal bilatungan, tapi amal perbuatan balitungan. (AT/182/04)
- (065) Meskipun kana maksiat, réréncangan abi jalmina réligius, inget ka Gusti Allah “Gusman, ké peuting ka imah lah, urang icen, aya icen 2 botol di imah”
 “Balég?”
 “Demi Alloh”
 “Nya nggeus atuh, Insya Alloh ba’da isya urang ka imah”
 (Gu/262/07)

Data (042) panyatur ngabéwarakeun yen amal perbuatan pasti balitungan, ku kituna umajak ka manusa sangkan nyieun amal nu hadé; jeung (065) yén manéhnya boga icen. Icen téh nyaéta inuman alkohol, ku kituna umajak ka pamiarsana sangkan datang ka imahna.

d. Wujud Pragmatis Wawaran Ménta

Wawaran anu harti pragmatisna ménta mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun tapi eusina ménta. Tina hasil analisis data kapanggih aya 12 wujud implikatur wawaran ménta (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-5 ieu di handap.

- (018) Gusti, lamun manéhanana kapimilik, abi mah yakin abi rék béla, moal lamun tepi ka manéhna haréng ogé ék disuntik. (AdB/260/03)
- (019) Sim kuring nepangkeun sateuacana. Abi *comic* Borangan anu masih kénéh magang, da jarang abi mah didieu. (AeB/264/01)
- (028) Tapi teu nanaon, kituna simkuring hapunten anu kasuhun da sim kuring mah *comic* anu masih kénéh magang di dieu, ku kituna simkuring hapunten bilih aya kalepatan. (AeB/264/10)
- (094) Ahirna sim kuring pasrah ka pulisi, daripada simkuring kedah masihan kanggé tilangan. Margi naon? Teu gaduh kanggo mayarna, margi honorna ogé teu acan katampi. (OB/269/03)
- (100) Angkutan umum ka Pameungpeuk téh pami numpak téh sok dirémpét tujuh. Kan eungap, sesek. (ReD/266/03)

Data (018) panyatur ngabéwarakeun yén manéhna bogoh ka awéwé, ku kituna ménta sangkan Gusti ngajodokeun manéhna jeung awéwé nu dipikahayangna; data (028) jeung data (019) panyatur ngabéwarakeun yén manéhna *comic* magang di Borangan. Ku kituna ménta hampura ka nu manco bisi aya salah atawa ménta sangkan leuwih sering diondang jadi *comic* di Borangan;

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung data (100) panyatur ngabéwarakeun yén angkutan umum di Pameungpeuk kurang merenah, ku kituna ménta pamaréntah sangkan méré solusi.

e. Wujud Pragmatis Wawaran Ngabagéakeun

Wawaran anu harti pragmatisna ngabagéakeun mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun tapi eusina ngabagéakeun. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 wujud implikatur wawaran ngabagéakeun (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (111) Fénoména gojék téh parantos nasional. Ayeuna Gojék dipercantenkeun ku Pertamina kanggo ngaduhumkeun/ngadistribusikeun produk Pertamina, hiji inovasi nu saé pisan. (TF/253/01)

Data (111) panyatur ngabéwarakan yén Gojék dipercantenkeun ngadistribusikeun produk Pertamina. Ku kituna, eusina ngabagéakeun Gojék.

f. Wujud Pragmatis Wawaran Nyarék

Wawaran anu pragmatisna nyarék mangrupa omongan anu wujudna kalimah wawaran tapi eusina nyarék. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 wujud implikatur wawaran nyarék (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data1-2 ieu di handap.

- (039) Masih kénéh leuheung nu mabok ku minuman, tapi ieu anu teu nginum inuman mabok, anu tadi ceuk pa Haji Taufik duit masjid digasak. (AT/182/01)
- (041) Saméméh ngagasak duit nagara, duit rakyat téh tepikeun heula amanat-amanat téh. Duit masjid dilebok. Leuheung duitna hungkul nu dilebok, ieu mah jeung kéncléng-kéncléngna. (AT/182/03)

Data (039) jeung (041) ngabéwarakeun yén tukang mabok leuwih leuheung ti batan nu ngagasak duit masjid/korupsi, ébréhan séjénna nyaéta nyarék ka nu korupsi.

g. Wujud Pragmatis Wawaran Ngantebkeun

Wawaran nu harti pragmatisna ngantebkeun (émpatik) mangrupa omongan anu wujudna ngawawarkeun, tapi eusina ngantebkeun atawa negeskeun. Tina hasil analisis data kapanggih aya 46 wujud implikatur wawaran ngantebkeun (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-5 ieu di handap.

- (002) Ayeuna banjir ngaageungan, kamari téh nambahan deui Mang Yaya, nambahan cai téh, da nembé ngawinkeun. (AG/173/02)
- (014) Saur wa Haji tadi nu korupsi téh geuning kena ku bui, tadina mah boro rék nurutan. Paingan ceuk aki diditu kabéh leuleungiteun, kabéh nu kapalingan, éta téh ku bangsat. (AdB/182/01)
- (011) Da saleresna mah nu kuduna Borangan téh awéwé. (AG/181/03)
- (015) Baréto cicing di aki di nini, ditata, dididik, lamun mére dahareun téh huluna wé ka urang mah pokna téh “Ih, mening huluna améh jagana di sakola bakal jadi kapala sakola”. Pék deui dina méré endog bobodasna, kokonéngna mah ka akina pokna “Améh jadi urang suci” (AdB/182/02)
- (012) Awéwé lamun miluan Borangan pasti bakal palalinter, sabab unggal énjing sim kuring mun aya ibu-ibu, naskah téh unggal dinten ieu dibandingan éta ngomongkeun batur, da ganti-ganti atuh. Pan urang mah hésé nya. (AG/181/04)

Data (002), (011) jeung (012) wawaran ditegeskeun ku kecap *da*; data (014) wawaran ditegeskeun ku kecap *téh*; data (015) wawaran ditegeskeun ku kecap *na*.

4.1.3.2 Wujud Pragmatis Pananya

Wujud pragmatis kalimah pananya (*interogatif*) ngébréhkeun wujudiah atawa réalisasi maksud nanyakeun dina basa Sunda anu dipatalikeun kana kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Tina hasil analisis data kapanggih aya 14 data wujud pragmatis pananya anu kabagi kana 7 harti, nyaéta pananya kaayaan, pananya ngantebkeun, pananya kalakuan, pananya sabab, pananya cara, pananya babandingan, jeung pananya ajén.

a. Wujud Pragmatis Pananya Kaayaan

Pananya nu harti pragmatisna kaayaan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun kaayaan hiji barang, hal, atawa peristiwa. Tina hasil analisis data

kapanggih aya 2 wujud implikatur pananya kaayaan (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-2 ieu di handap.

- (001) “Kumaha sadaya araman di bumi?”
“Alhamdulillah”
 “Tapi pan, banjir pan?” nu mawi dirorompok gé ayeuna téh keur mah katambah cai kakeueum. (AG/173/01)
- (031) Abi téh ngefans pisan ka pa Asep Truna
 Na pikiran téh:
 “Duh ganteng meureun jalma ieu”,
 Ayeuna pendak jeung abi Pa Asep Truna,
 “Naha bet kieu asa teu sarua jeung pikiran?”. (AeB/268/03)

Data (001) mangrupa pananya kaayaan ka pamiarsa, luyu jeung kaayaan harita anu keur loba banjir; data (002) mangrupa pananya kana kaayaan Asep Truna.

b. Wujud Pragmatis Pananya Ngantebkeun

Pananya nu harti pragmatisna ngantebkeun mangrupa omongan anu eusina nanyakeun hal anu diantebkeun. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 wujud implikatur pananya ngantebkeun (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (023) Nembé abi kadieu sumping telat. Da ditilang ku polisi, disangkana téroris meureunnya? Padahal mah lain. Maenya nu kieu téroris? Maké iket?. (AeB/264/05)

Data (023) mangrupa pananya kana hal anu diantebkeunna, dicirian ku kecap *nu*.

c. Wujud Pragmatis Pananya Kalakuan

Pananya nu harti pragmatisna kalakuan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun kalakuan atawa paripolah. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 wujud implikatur pananya kaayaan (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-2.

- (063) Abi *alhamdulillah* sempet masuk TV, “Akang-akang kantos ningal abi di TV? di acara berita, jadi korban banjir Dayeuh Kolot?” (Gu/262/05)
- (089) Bapa-bapa nu dicopét (dihareup). Awéwé geulis nu ék nyopét (ditukangeun bapa-bapa). Ema di tukang (tukangeun awéwé geulis). Éta teu karasaeun kana saku. Ari si awéwé téh bisik-bisik, ceunah “Ieu mah siga Hapé, lain lokét”. Teu nyaho si bapa-bapa téh apal. Dicabak leungeuna téh “Hah, siah, sok meuning dibawa ka polisi meuning dituluykeun?” cenah. Sihoréng lain hapé nyaéta nu kacagap téh, naon cing? (MN/97/05)

Data (063) mangrupa pananya kalakuan panongton, sedengkeun data (089) pananya kalakuan copét ka bapa-bapa luyu jeung kontéks carita.

d. Wujud Pragmatis Pananya Sabab

Pananya nu harti pragmatisna sabab mangrupa omongan anu eusina nanyakeun sabab-musabab. Tina hasil analisis data kapanggih aya 4 wujud implikatur pananya sabab (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-4 ieu di handap.

- (005) Kunaon ningali harita geuning:
“Lamun kuring salah sapérak wé ceunah pék kuring gantung di Monas!” pan kitu ceuk Anas téh, “Kunaon pangna di Monas?” sabab Monas aya emasan, sabab “Kunaon teu di Pancoran, di luhur?” euweuh emasan. (AG/173/05)
- (070) Ceuk orang Arab, komandanna:
“Ternyata Amérika gitu, kalau mau némbak dipanggil namanya masing-masing”
“Kalau begitu kita juga sama”
“Johnnnnn” “Naha teu daék muncul waé ceuk urang Arab téh?”
Ai ceuk urang Amerika téh “Siapa yang manggil nama John?”
“Annaa.....”(KY/256/02)
- (008) Dina kontéks rék bunuh diri:
”Kunaon silaing téh geuning teu gebrus waé?”
“Atuh sia deuleu, sakitu cai umpal-umpalana” (AG/173/08)
- (086) Hiji mangsa dunungan téh.
“Ma, karék datang geuning jam 7?”. (MN/97/02)

Data (005) mangrupa pananya sabab-musabab Anas milih Monas; data (070) mangrupa pananya sabab-musabab Arab teu muncul; data (008) mangrupa

pananya sabab-musabab pamiarsa teu gebrus waé nalika rék bunuh diri; jeung data (086) mangupa pananya sabab-musabab pamiarsa kakara datang.

e. Wujud Pragmatis Pananya Cara

Pananya nu harti pragmatisna cara mangrupa omongan anu eusina nanyakeun cara kalakuan dilaksanakeun. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 wujud implikatur pananya cara (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-2 ieu di handap.

- (058) Nilang, pan aya spion:
 “Naon di jero iyéy?”
 Turun, ngarana téh kadu polisi téh, dijero mawa kadu.
 “Aduh, pa isin kumaha nya nyebatna?”
 Brétttttt kadu.
 “Oh, rambutan ngomong atuh” da éra nyebut kadu sorangan”
 (Go/171/04)
- (076) Didieu pungsina pamingpin anu leres téh. Kedah kumaha urang nyanghareupan permasalahan anu kirang-kirangna nyangkut sareng rasa? (MJ/268/01)

Data (058) mangrupa pananya cara nyebut ka pulisi luyu jeung kontéks, sedengkeun data (076) mangupa pananya cara pamingpin dina nyanghareupan pasualan. Data (058) dan (076) diwangun ku ciri pananya cara nyaéta kecap *kumaha?*

f. Wujud Pragmatis Pananya Babandingan

Pananya nu harti pragmatisna babandingan mangrupa omongan anu eusina nanyakeun sasaruuan jeung bedana antara dua hal. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 wujud implikatur pananya babandingan (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-2 ieu di handap.

- (043) Matak ulah salah ari ngadu’a:
 “Anu di luhur tangtayungan abdi!”
 “Jang, saha ai nu di luhur téh?”
 “Muhun Alloh”
 “Apan itu anu karorupsi ogé di luhur?” (AT/182/05)

- (071) Pa Haji, ningali jiga si Pitung Pa Haji téh, ngan bédana si Pitung jeung pa Haji téh naon cik? Si Pitung mah tara boga potu porno hungkul. (KY/256/03)

Data (043) mangrupa pananya babandingan dina kontéks nu di luhur antara Alloh jeung korupsi, sedengkeun data (071) mangrupa pananya babandingan antara si Pitung jeung Pa Haji (Asep Truna)

g. Wujud Pragmatis Pananya Ajén

Pananya nu harti pragmatisna ajén mangrupa omongan anu eusina nanyakeun ajén (kualitas) hiji barang, kajadian, atawa hal. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 wujud implikatur pananya ajén (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (016) “Assalamualaikum”
 “Walaikum salam, Wr.Wb”
 “Nyungkeun ridho galihna waé, dijawab anu jujur, abi kasép nteu?”
 “Nteu”
 “Paduli teuing ah, tong boro ceuk batur, ceuk urang gé nu ngeunteung sieun” (AdB/260/01)

Data (016) mangrupa pananya kana ajén lantaran panyatur nanyakeun ganteng atawa henteu manéhna.

4.1.3.3 Wujud Pragmatis Paréntah

a. Wujud Pragmatis Paréntah Pangjurung

Parentah anu harti pragmatisna pangjurung mangrupa omongan anu eusina ngajurung jalma lian sangkan milampah parentah anu dijurungkeun ku panyatur. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 data wujud implikatur paréntah pangjurung (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (007) Serahkeun! Serahkeun! bangor deui lalakina téh, serahkeun deui. (AG/173/07)

Data (007) mangrupa paréntah panyatur nu miboga maksud ngajurung pamiarsa. Dicirian ku kecap serah(*keun*) .

b. Wujud Pragmatis Paréntah Panitah

Parentah nu harti pragmatisna panitah mangrupa omongan anu eusina nitah jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean nu diparéntahkeun. Tina hasil analisis data kapanggih aya 4 data wujud implikatur paréntah panitah (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-4 ieu di handap.

- (017) “Assalamualaikum”
 “Wassalamualaikum, mangga cep, calik!”
 “Bu, kopi!”
 “Oh, kopi susu?jus?”
 “Kopi wé pait manisan saeutik” (AdB/260/02)
- (054) “Ai perjanjian sabaraha?”
 “50 rébu é mang”
 “Ai bieu mayar sabaraha?”
 “Nya teu bisa kitu, kudu tetep bayar 50”
 “Kéla, lamun akang hoyong dibayar 50 rébu, kahayang téh tong ngaboséh ti tukang, cik atuh ngaboséh mah di hareup, jadi mesinna ku abi katempo!” (CP/253/06)
- (057) “Mas, kalo mas mémang cinta sama saya, tolong bawakan lagu Sunda!”
 “Apa? Saya bisa basa Sunda semuanya yang penting mas cinta”
 Pentingna basa Sunda didieu. Nyanyi wéh
 ”Tong aya deui, yo. nu mikacinta, iwal sampéan’
 “Sampéan.....lain heuheuheuheuh, sampéan dipikacinta”
 (Go/171/03)
- (061) Seueur nu ngaragukeun, keur mah urang Dayeuh kolot deuih, nyariosna téh, “Naonlah ngiluan *stand up comedy* da moal suksés ieu, euweuh sejarahnya urang Dayeuh Kolot suksés di TV”. Teu apaleun, tingali urang ayeuna! (Gu/262/03)

Data (017) mangrupa paréntah sangkan pamiarsa ninyuhkeun kopi; data (054) mangrupa paréntah sangkan pamiarsa ngaboséh bécana di hareup, dicirian ku kecap *cik*; data (054) mangrupa paréntah ti panyatur ka pamiarsa sangkan ngahaleuangkeun lagu Sunda; jeung data (061) mangrupa paréntah ti panyatur sangkan nempo manéhna anu keur aya di TV.

c. Wujud Pragmatis Paréntah Pamaksa

Paréntah nu harti pragmatisna pamaksa mangrupa omongan anu eusina maksa atawa ngadesek jalma lian sangkan ngalakukeun pagawéan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 4 data wujud implikatur paréntah pamaksa (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (040) Urang kudu taliti, urang ulah milih nu hayang-hayangan! (AT/182/02)
- (048) Kadang-kadang mun milarian jodoh kan urang awéwé téh kudu rada matréné! (CP/173/05)
- (055) Ari urang Sunda mah kedah soméah angger! (Go/171/01)
- (128) Sakola téh kedah luhur, kedah gaduh artos! (Z/251/02)

Ilaharna, paréntah anu harti pragmatisna pamaksa dicirian ku kecap *kudu* atawa *kedah*. Omongan dina (040), jeung data (048) miboga kecap paréntah *kudu*. Data (040) miboga paréntah sangkan pamiarsa kudu taliti nalika milih, ari data (048) miboga paréntah ka awéwé sangkan kudu rada matréné. Data dina (055) jeung data (128) dicirian ku kecap *kedah*. Data (055) miboga paréntah sangkan urang Sunda kedah soméah, ari data (128) miboga paréntah sangkan sakola téh kedah luhur sarta kedah gaduh artos ogé.

d. Wujud Pragmatis Paréntah Pangharepan

Paréntah nu harti pragmatisna pangharepan mangrupa omongan anu eusina miharep jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean atawa nyumponan naon-naon nu dipiharepna. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 data wujud implikatur paréntah pangharepan (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (056) Anu paling katingal di dieu, kang Yaya téh korban banjir, naon korbanna? Teu tumbuh, terus mengkerut, péot, “Kang Yaya téh kunaon?” Korban banjir mémang. Tapi urang ngaduakeun mugia Kang Yaya sing énggal jangkung, sing sabar, sing ihlas narima kanyataan diri! (Go/171/02)

Data (056) miboga maksud paréntah anu eusina miharep ko Yaya sangkan bisa narima kanyataan diri. Dicirian ku kecap *mugia*. Mugia miboga ma'na pangharep ti panyatur ka pamiarsana.

e. Wujud Pragmatis Paréntah Panyaréék

Paréntah nu harti pragmatisna panyaréék mangrupa omongan anu eusina nyarek jalma lian sangkan ulah ngalakukeun pagawéan naon-naon. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 data wujud implikatur paréntah panyaréék (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1-2 ieu di handap.

- (075) Urang teu kedah sieun! Sieun sotéh ngadeg di Borangan teu gaduh matéri, kakara sieun. (KY/273/03)
- (080) Margi olahraga mah teu kedah di bahas tapi dijalankeun! (MJ/273/01)

Ilaharna, paréntah anu harti pragmatisna panyaréék dicirian ku kecap *ulah* jeung entong, dina data (075) ngandung paréntah panyaréék *teu kedah*. Teu kedah sarua hartina jeung entong atawa ulah, anu miboga maksud yén ulah sieun kana sagala hal, iwal lamun keur ngadeg di Borangan tapi teu apal anu rék ditepikeun naon. Dina data (080) ogé dicirian ku kecap *teu kedah*. Maksudna yén olahraga kuduna dijalankeun lain dibahas.

f. Wujud Pragmatis Paréntah Anjuran

Paréntah nu harti pragmatisna anjuran mangrupa omongan anu eusina nganjurkeun jalma lian sangkan ngalakukeun pagawean. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 data wujud implikatur paréntah anjuran (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (102) Mun urang mah pamaréntah téh, sok wé kasih kendaraan anu raos, nu nyaman kanggo rahayatna! (ReD/266/05)

Data (102) eusina nganjurkeun pamaréntah sangkan nyadiakeun kendaraan anu alus di Pameungpeuk, Garut, tempat asal Redi Delu lantaran angkot saeutik

sarta teu nyaman. Ku kituna, manéhna nganjurkeun pamaréntah sangkan ngukulan pasualan angkutan umum.

4.1.3.4 Wujud Pragmatis Panyeluk

Wujud pragmatis kalimah panyeluk (*aklamatif*) ngébréhkeun wujudiah atawa realisasi maksud cumeluk atawa kedaling sora bituna rasa panyaturna dina basa Sunda anu dipatalikeun kana konteks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Tina hasil analisis data kapanggih aya 4 data wujud pragmatis paréntah anu kabagi jadi 3 harti, nyaéta panyeluk tumamprak, panyeluk kakagét, jeung panyeluk katengtrem.

a. Wujud Pragmatis Panyeluk Tumamprak

Panyeluk nu harti pragmatisna tumamprak mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa tumamprak atawa tumarima panyaturna kana kaayaan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 data wujud implikatur panyeluk tumamprak (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (125) Anak ucing paséa jeung anak gajah
 “Eh anak ucing, manéh mah budak-budak geus kumisan”
 “Baé geus kumisan mah, jiga manéh taeun dina irung”
 (TF/264/04)

Data (125) ngandung panyeluk anu harti pragmatisna tumamprak. Dina paguneman carita antara ucing jeung gajah, omongan ucing eusina kedaling tuumamprak atawa tumarima kana kaayaan. “Baé geus kumisan mah” mangrupa kedaling ucing dina narima kanyataan yén anapon leutik kénéh geus kumisan.

b. Wujud Pragmatis Panyeluk Kakagét

Panyeluk nu harti pragmatisna kakaget mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa kagét atawa reuwas panyaturna ka jalma lian. Tina hasil analisis data kapanggih aya 1 data wujud implikatur panyeluk kakagét (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data 1.

- (113) Kamari abi ka Hasan Sadikin badé diparios TEX namina téh diparios jantung. Saur petugasna
 “Pa, nyimpen wé atuh nomor telepon, da nu daptar Februari gé can kapanggih dugi ka ayeuna”
 “Atuh, aing maot mantén!” (TF/253/03)

Data (113) mangrupa paguneman antara patugas RS jeung pasién, dumasar konték situasina, patugas ménta pasién sangkan nyimpen nomr telepon lantaran prosésna bakal lila anu ngabalukarkeun pasién kagét atawa reuwas.

c. Wujud Pragmatis Panyeluk Katengtrem

Panyeluk nu harti pragmatisna katengtrem mangrupa omongan anu eusina kedaling rasa katengtrem panyaturna ka Gusti Alloh. Tina hasil analisis data kapanggih aya 2 data wujud implikatur panyeluk katengtrem (tingali lampiran 6). Sangkan leuwih jéntré bisa diilikan dina data ieu di handap.

- (027) Abi kamari, urang Jawa teh teu damang
 “Mas, ari budak téh ongkoh gering?”
 “Sumuhun, anak abi téh gering kemarén panas”
 “Ari ayeuna kumaha?”
 “*Alhamdulillah* ayeuna mah parantos iuh” (AeB/264/09)
- (059) *Alhamdulillah* saprak ngagelutan *stand up comedy* penghasilanna lumayan lah, rada sombong sakedik teu nanaon. (Gu/262/01)

Data (027) jeung (059) ngandung panyeluk nu harti pragmatisna katengtrem nyaéta tina ayana omongan kecap *Allhamdulillah*. *Alhamduillah* nyaéta kedaling rasa syukur ka Gusti Alloh. Pamiarsa dina data (027) ngébréhkeun rasa syukur kana kaayaan budakna nu geus séhat, sedengkeun Gusman ngedalkeun rasa sukur lantaran duit nu dihasilkeun tina profésina salaku *comic* lumayan.

4.1.4 Implikatur dina Wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung pikeun Bahan Pangajaran Biantara

Tina hasil panalungtikan, implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung bisa dipakébahan pangajaran biantara di SMA kelas XI. Bahan ajar nu dijieun nyaéta dina wangun LKS.

4.1.4.1 Kompetensi jeung Indikator Pangajaran Biantara

Kompetensi Inti	
<p>3. Memahami, menerapkan, menganalisis dan mengevaluasi pengetahuan factual, konseptual, prosedural, dan metakognitif pada tingkat teknis, spesifik, detail, dan kompleks berdasarkan rasa ingin tahunya tentang (a) ilmu pengetahuan, (b) teknologi (c) seni, (d) budaya, dan (e) humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.</p> <p>4. Menunjukkan keterampilan menalar, mengolah, dan menyaji secara (a) efektif, (b) kreatif, (c) produktif, (d) kritis, (e) mandiri, (f) kolaboratif, (g) komunikatif, dan (h) solutif, dalam ranah konkret dan abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah, serta mampu menggunakan metode sesuai dengan kaidah keilmuan.</p>	
Kompetensi Dasar	Indikator
3.5 Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan teks biantara.	<p>3.5.1 Menjelaskan isi teks biantara yang mengandung implikatur (Borangan)</p> <p>3.5.2 Menganalisis jenis, sifat, dan wujud implikatur dari teks biantara (Borangan)</p> <p>3.5.3. Menyimpulkan jenis, sifat, dan wujud implikatur dari teks biantara (Borangan)</p>
4.5 Mendemonstrasikan biantara dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa.	<p>4.5.1 Menulis teks biantara (Borangan) dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa.</p> <p>4.5.2 Mendemonstrasikan biantara (Borangan) hasil karya sendiri.</p>

4.1.4.2 Pidangan Implikatur dina Wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung pikeun Bahan Pangajaran Biantara

a. Wacana

Ieu di handap aya téks hasil transkripsi Borangan. Nilik kana wangunna mah mirip biantara. Ku kituna, ieu téks Borangan téh bisa dipaké bahan pikeun pangajaran biantara. Pék baca heula dina jero haté, geus kitu baca bedaskeun di hareupeun kelas!

Naskah Ngabodor Nyorangan Redi Délu épisode 266

Assalamualaikum Wr. Wb

Nepangkeun heula, nami abdi Délu, seueur nu nyebat ceunah **Délu téh gedé hulu. Tapi, murangkalih SMA mah nyebat abdi téh gedé lucu, ceunah. Abdi téh ti Garut, Garut Selatan. Di Garut Selatan téh tungtung dunya. Perbatasan Indonésia jeung Australia. Sisi laut pisan. Aduh, saking tungtungna, langit gé bisa katoél tah. Malahan, lamun isuk-isuk nongkrong, matahari karék datang, bisa didudut. Saking ku deukeutna, tah.** Tapi, abdi mah, nya. Di bumi mah, nya. Sok resep ngadangukeun lagu Pop Sunda. (nyuling instumen lagu es lilin)

“I try so hard, and got so far” (lirik Linking Park). Éta Linking Park duét jeung artis Widiawati.

Anu teu raosna ku abdi, naon nya? Abi mah lamun uih ka Garut téh nu teu raos téh masalah angkotan umum. Angkotan umum ka Pameungpeuk téh nya, sanés Pameumpeuk-Banjaran nya, Pameumpeuk Garut. **Masalah angkutan umumna téh, pami numpak téh sok dirémpét tujuh di pengkeur téh, kan eungap urang téh. Sesek.** Di tukang 7, di hareup 7, nepi ka ngalieuk kieu téh, biwir téh diadu jeung biwir nu lain. *Astagfirulloh. Nepi ka gagaro waé gé salah.* **“Puntén kang, éta tu’ur abdi”**

“Oh, *astagfirulloh*”.

Saking ku masiksa kitu, nya. *Astagfirulloaladzim.* **Mun urang mah nya, pamaréntah téh. Sok wé kasih nya, kandaraan anu raos, kitu. Nu nyaman kanggo rahayatna!**

Tah abi kan nya di Garut, di kampung Pameumpeuk téh meskipun kampung, abi téh kan resep ka istri, terus istri nu di ditu mah resepna téh naék mobil. Padahal di kampung. Hoyongna téh jalan-jalan. Tapi naékna di luhur.

“Ayo Garut-Bandung” jadi kenék. Sareng di ditu mah teu aya mall kan nya. Jalan-jalan téh, aduh kamana nya. Momobilan, ka laut. Ka gunung, ka laut, ka gunung. **Wisatana gé ningalan monyét, ningalan maung, kalah kareueung.** Tah abi mah nya pami nyuling yeuh, saur Si Mamah téh:

“Delu, tong susulingan di bumi ceunah pami wengi mah bisi aya maung” éta téh kapungkur. Pami ayeuna abdi susulingan di Bandung maungna maung tmana? cobu. Abi maén suling tiba-tiba aya maung. Maung Madagaskar, kitu?

Sareng abdi téh di Bandung téh ayeuna téh sok resep pami aya istri téh kitu nya, hoyong ngalagu, kitu tah. Hoyong ngalagu na téh anu romantis. (nyuling)

“*Luka-luka-luka yang kau tanamkan, bertubi-tubi.* Haduh.” Tah abi mah pami sareng istri matakna sok seueur nu nyarios “Ah, Delu mah teu tiasa ngagoda istri ku maké suling” kan batur mah ngagoda istri téh maké gitar ngangge biola, abi gé tiasa ngangge suling. Tah aya istri ngalangkung abi mah niup (niup suling satiupan) nah senyum (senyum). Aya deui istri ngalangkung ditiup deui (nyuling satiupan). Aya deui istri nu ngalangkung (niup suling satiupan) malik niup (niup suling satiupan) tuluy saling sumpit. Sareng abi téh pan di Garut téh saha deui cenah Delu nu ngamumulé budaya Sunda téh salain urang mah, tah sok cenah manéh téh maén suling.

“Aya cing téh nu maén suling mah “

“Naon?”

“Tukang ngamén”

Matak sok aya tukang ngamén ka bumi, maén suling di luar téh. Si mamah masihan acisna kalah ka abi, abi cenah nu pantes jadi tukang ngamén téh. Terus abi téh paling teu raos téh nuju dibumi, nuju latihan suling sok aya wé tatangga téh nu résé (niup suling) ai tangga téh jol (jogéd) “Pa ieu kan nuju latihan suling”, “Paduli ah”.

Wassalamualaikum Wr. Wb.

b. Pancén

Titénan cutatan ieu di handap!

“Nami abdi Délu, seueur nu nyebat ceunah Délu téh gedé hulu. Tapi, murangkalih SMA mah nyebat abdi téh gedé lucu”

Dina cutatan kalimah di luhur téh kaasup kana implikatur konvénsional lantaran miboga ma’na nu alamiah, sipat daya batal, jeung wujud implikatur wawaran. Ayeuna, pék tuliskeun omongan anu ngandung implikatur tina naskah Borangan Redi Délu épisode 266 anu geus dicirian, tuluy analisis:

1. Kumaha wanda implikatur nu kapanggih?
2. Kumaha sipat implikatur nu kapanggih?
3. Kumaha wujud implikatur nu kapanggih?

c. Nulis Biantara (Borangan)

Implikatur nyaéta ma’na nu nyamuni dina omongan, kabagi jadi dua wanda, nyaéta konvénsional jeung konvèrsasional anu masing-masing wanda miboga sipat daya batal, daya pisah, konvénsionalitas, atawa kalkulabilitas sarta wujud implikatur dina wawaran, paréntah, pananya, atawa panyeluk. Ayeuna, pék tuliskeun biantara (Borangan) hasil karya sorangan maké basa anu luyu jeung merenah sarta eusi Boranganna ngandung implikatur!

d. Biantara (Borangan) di hareupeun Babaturan

Pancén hidep ayeuna, pék apalkeun téks biantara (Borangan) anu meunang nulis. Mun geus apal tuluy hidep Borangan saurang-saurang ka hareup. Perhatikeun ku hidep tagog (*gesture*), sora, lentong (*intonasi*), eusi, jeung sistematikanana!

4.2 Pedaran


Analisis jeung déskripsi implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung ngagambarkeun papasingan jeung déskripsi implikatur tina jihat wanda, sipat, jeung wujudna.

Dumasar hasil analisis data, kapanggih aya 132 omongan *comic* Borangan iNews TV Bandung nu ngandung implikatur kalayan 84 kagolong kana implikatur konvénsional jeung 48 omongan kagolong kana implikatur konvèrsasional.

Nurutkeun Grice, implikatur konvénsional mangrupa implikatur ma’na alamiah. Hartina, omongan anu ditepikeun anu ngandung implikatur anu écés. Implikatur konvénsional leuwih loba ti batan implikatur konvèrsasional nyaéta 84 omongan, patali jeung tiori Grice, *comic* hayang ngébréhkeun ma’na umum anu

pamiarsana apal, ku kituna humor nu dimaksud bakal nepi ka pamiarsa, anu ngabalukarkeun pamiarsa langsung seuri.

Ari implikatur konvérsasional nu kapanggih aya 48 omongan. Nurutkeun tiori Grice implikatur konvérsasional dihasilkeun tina maksud omongan panyatur nu ngabalukarkeun pamiarsa mikir atawa nyieun hal nu dipikahayang. Ku kituna, panyatur kudu nyieun upaya sangkan pamiarsa sadar kana naon anu dipimaksud ku panyatur. Anu ngabalukarkeun implikatur konvérsasional leuwih saeutik ti batan implikatur konvénsional lantaran humor anu dimaksud ku *comic* bakal lila nepi ka pamiarsana. Bagan hasil wanda implikatur anu kapanggih dina wacana Borangan iNews TV Bandung saperti ieu di handap.



Bagan 4.1

Wanda Implikatur nu Kapanggih dina Wacana Borangan iNews TV Bandung


Sipat implikatur nu kapanggih dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV nyaéta daya batal (*cancelability*), daya pisah (*detachability*) daya itung (*calculability*), jeung konvénsionalitas. Dina implikatur konvénsional kapanggih 38 implikatur konvénsional sipat daya batal, jeung 46 implikatur konvénsional sipat konvérsasional. Sedengkeun dina implikatur konvérsasional kapanggih aya 5 implikatur konvérsasional sipat daya batal, 5 implikatur konvérsasional sipat daya pisah, jeung 38 implikatur sipat kalkulabilitas. Sipat kalkulabilitas dina implikatur konvérsasional téh panglobana lantaran implikatur nu kapanggih dimeunangkeun tina hasil nalar jeung ngitung (lain dina itungan matématika), sedengkeun dina implikatur konvénsional panglobana téh sipat konvérsasional lantaran implikaturna muncul balukar tina ma'na nu umum. Dina sipat implikatur konvénsional, aya tilu jinis nurutkeun Grice, tapi dina wacana Ngabodor Nyorangan teu kapanggih sipat implikatur konvénsional daya pisah lantaran

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

omongan implikatur *comic* Borangan teu kapanggih miboga sipat misah tina omongan. Bagan hasil sipat implikatur anu kapanggih dina wacana Borangan iNews TV Bandung saperti ieu di handap.




Bagan 4.2
Sipat Implikatur nu Kapanggih dina Wacana Borangan iNews TV Bandung

Wujud implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV nyaéta: (a) 99 omongan wujud pragmatis wawaran anu kabagi kana 31 omongan wujud wawaran harti iber, 5 omongan wujud wawaran harti nitah, 2 omongan wujud wawaran harti ngajak, 12 omongan wujud wawaran harti ménta, 1 omongan wujud wawaran harti ngabagéakeun, 2 omongan wujud wawaran harti nyaréék, jeung 46 omongan wujud wawaran harti ngantebkeun; (b) 14 omongan wujud pragmatis pananya anu kabagi kana 2 omongan wujud pananya harti kaayaan, 1 omongan wujud pananya harti ngantebkeun, 2 omongan harti wujud pananya harti kalakuan, 4 omongan wujud pananya harti sabab, 2 omongan wujud pananya harti cara, jeung 2 omongan wujud pananya harti babandingan, jeung 1 omongan pananya ajén; (c) 15 omongan wujud pragmatis paréntah anu kabagi kana 1 omongan wujud paréntah harti pangjurung, 4 omongan wujud paréntah harti panitah, 4 omongan wujud paréntah harti pamaksa, 1 omongan wujud paréntah harti pangharepan, 2 omongan wujud paréntah harti panyaréék, jeung 1 omongan wujud paréntah harti anjuran; sarta (d) 4 omongan wujud pragmatis panyeluk anu kabagi kana 1 omongan wujud panyeluk tumamprak, 1 omongan

wujud panyeluk kakagét, jeung 2 omongan wujud panyeluk katengtrem. Sababaraha harti pragmatis anu teu kapanggih dina wacana Borangan nyaéta:

1. wujud harti implikatur pananya anu teu kapanggih dina wacana Borangan: waktu, tempat, rasa, asal, jeung jarak.
2. wujud harti implikatur paréntah anu teu kapanggih dina wacana Borangan: paménta, pangajak, panggeuri, pangbagéa, panggentra, pangwawadi, jeung panganteb.
3. wujud harti implikatur panyeluk anu teu kapanggih dina wacana Borangan: kukulutus, pangwilujeng, panghaturan, kagumbira, kahariwang, kageuleuh, kanyeri, jeung kakeuheul.

Dumasar wujud implikaturna, omongan anu panglobana nyaéta wujud implikatur wawaran, lantaran omongan *comic* lolobana mangrupa wujud iber atawa ébréhan. Bagan hasil wujud implikatur anu kapanggih dina wacana Borangan iNews TV Bandung digambarkeun dina bagan 4.3.



Bagan 4.3
Wujud Implikatur nu Kapanggih dina Wacana Borangan iNews TV Bandung

Tina hasil panalungtikan kapanggih yén implikatur *comic* aya anu ngandung kritikan, saran, jeung sindiran jeung cawokah. Hal anu penting pisan yén implikatur téh bisa dipaké nalika urang hayang ngébréhkeun hal anu sipatna sénsitif kayaning kritikan ka pamaréntah anu bisa diébréhkeun ku omongan anu ngandung ma'na leuwih tina anu diomongkeun, anu disebut implikatur téa.

Scarpetta & Spagnolly miboga sawangan yén topik nu dipedar dina *stand up comedy* biasana hal sénsitif saperti ras atawa jinis kelamin. Topik sabudeureun kitu biasana gampang ditarima ku pamiarsa, luyu jeung nu diébréhkeun ku McCarron & Baden yén kritik politik, isu gender atawa pangalaman pribadi *comic*

mangrupa topik nu biasana diomongkeun ku *comic*. Sarua baé jeung dua tiori *stand up comedy*, dina Borangan iNews TV ogé medar pasualan-pasualan anu aya disabudeureun masarakat nyaéta pulitik, agama, jinis kelamin, jeung pangalaman *comic* sorangan. Pasualan pulitik anu diomongkeun nyaéta pasualan korupsi jeung pamaréntahan. Pasualan agama anu diomongkeun nyaéta kurangna karep masarakat kana solat jama'ah di masjid. Pasualan jinis kelamin anu diomongkeun nyaéta pasualan LGBT. Ari pangalaman pribadi *comic* mah mangrupa carita sapopoé manéhna, aya nu nyaritakeun lalakonan manéhna basa hirup di lembur, jsb.

Salian ti pasualan pulitik, agama, jinis kelamin jeung pangalaman pribadi, aya omongan sababaraha *comic* Borangan nu cawokah. Masarakat Sunda geus katelah humor atawa heureuyna nu cawokah. Dina Borangan iNews TV ogé sababaraha *comic* medar humor nu cawokah diantarana waé dina kecap bom anu saenyana mah harigu:

(022) Aya di Bandung téh 2 jalmi putrana dokter Azhari anu bakal ngaledakeun bom téh. Ari Ayu Azhari jeung Sarah Azhari bomna dicandak kamamana. (AeB/264/04)

Lian ti pasualan implikatur nu kapanggih, panalungtik ogé miboga sawangan yén Ngabodor Nyorangan téh masih kénéh aya hal anu kudu dibebener, nyaéta teu sakabéh *comic* maké basa Sunda, aya sawatara *comic* anu masih kénéh maké kekecapan dina basa Indonésia. Contona waé omongan Ma Nur (tinggali lampiran 2) kapanggih sawatara kekecapan basa Indonésia.

“Makan , makan”, “Ma, tos sarapan téh?”, “Mih, mih! *Mau pipis*” ceunah.
 “Kalo diperumahan jangan bilang pipis, malu. Kan mamih nih anak gaul, ibu gaul, bilangny mau nyanyi”, jsb. Ku kituna, panalungtik miboga harepan sangkan *comic* téh maké basa Sunda hungkul.

Implikasi hasil panalungtikan implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung dijadikeun bahan pangajaran biantara kelas XI.